

**Depatman Edikasyon Eta New York
(New York State Education Department)
Pwogram-Pilòt pou Fasilitasyon Pwogram Edikasyon Endividyèl
[Individualized Education Program (IEP)]**

Akò pou Patisipe nan Fasilitasyon IEP

Fasilitasyon IEP se yon pwosesis ou fè si ou vle, kote tout moun k ap patisipe nan reyinyon IEP dakò pou travay ansanm epi pou asire gen yon reyinyon komite sou edikasyon espesyal [committee on special education (CSE)] ki efikas, ki bay kolaborasyon epi ki gen siksè. Fasilitatè IEP se yon moun ki resevwa fòmasyon espesyal epi Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Education Department) sètifye. Wòl Fasilitatè a se pou ede manm CSE/CPSE yo jwenn yon akò konsènan rekòmandasyon IEP yo pou yon pwogram edikasyon espesyal apwopriye ak plasman pou yon elèv ki andikape.

Yo te ban mwen enfòmasyon ki endike pwosesis Fasilitasyon IEP epitou mwen dakò pou aksepte pwosedi ak gid pwosesis Fasilitasyon IEP a.

Depi mwen siyen akò sa a, mwen:

1. Dakò pou itilize pwosesis fasilitasyon IEP a pou reyinyon IEP pou elèv ki endike anba la a:

2. Rekonèt Fasilitatè IEP yo chwazi a pral idantifye nenpòt konfli enterè posib nan wòl li pou fasilite reyinyon IEP a pou elèv sa a. Kote gen konfli posib, sou demann paran an oswa dapre chwa distri a, distri a ap chwazi yon lòt Fasilitatè IEP pou reyinyon an.
3. Bay konsantman mwen pou divilge enfòmasyon pèsònèl sou elèv la pandan reyinyon an avèk Fasilitatè IEP a, epitou Fasilitatè IEP a pa dwe divilge enfòmasyon sa yo deyò reyinyon an.
4. Dakò pou Fasilitatè IEP a ap divilge an sekirite nenpòt materyèl ekri Fasilitatè IEP a itilize nan fen reyinyon an (yo) yo pa bay pou distri a.
5. Rekonèt epi dakò pou Fasilitatè IEP a pa kapab aji kòm yon reprezantan legal, konseye, defansè, jij oswa medyatè nan wòl li kòm yon Fasilitatè IEP epitou pou komite a (CSE/CPSE) kapab fè rekòmandasyon yo sèlman epitou pou Fasilitatè IEP a pa kapab fè rekòmandasyon yo.
6. Dakò pou yo pa mande Fasilitatè IEP pou li yon moun ki konsène nan nenpòt pwosedi annapre ki gen pou wè ak pwosesis pou kreye IEP a; pou yo pa rele Fasilitatè IEP a kòm yon temwen oswa konsiltan nan nenpòt lòt pwosedi administratif, jidisyè oswa edikasyonèl; epitou pou okenn moun ki konsène oswa patisipan an pa fè demann oswa pou yo bay asiyasyon pou bay dosye, nòt oswa lòt pwodui travay Fasilitatè IEP ki te la kòm rezilta reyinyon sa a.

7. Dakò pou okenn ki konsène ki patisipe nan Fasilitasyon IEP a pa dwe gen responsablite legal pou okenn moun ki konsène oswa patisipan pou okenn aksyon oswa mankman anrapò avèk nenpòt Fasilitasyon IEP ki te fèt avèk akò sa a.
8. Rekonèt itilizasyon Fasilitasyon IEP pa anpeche yon paran oswa distri a gen dwa pou rezoud dezagreman yo avèk lòt reyinyon, medyasyon, metòd pou fè plent fòmèl, oswa yon odyans dapre pwosedi jis.

Depi mwen siyen anba la a, mwen rekonèt mwen li Akò sa a pou Patisipe nan Fasilitasyon IEP, mwen konprann li epitou mwen dakò avèk li:

Paran: (Ekri Non an Lèt Detache) _____

Paran: (Siyati) _____

Dat la: _____

Paran: (Ekri Non an Lèt Detache) _____

Paran: (Siyati) _____

Dat la: _____

Reprezantan Distri a: (Ekri Non an Lèt Detache) _____

Reprezantan Distri a: (Siyati) _____

Dat la: _____

Fasilitatè IEP: (Siyati) _____

Dat la: _____